Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 52 (9790) / 26 ноябрь 2018 с. / итни 18 Рабиг1уль-авваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.

## УКАЗ
## ГЛАВЫ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

О присуждении призовых мест и о выделении грантов городским округам и муниципальным районам Республики Дагестан, достигшим наилучших значений показателей деятельности органов местного самоуправления городских округов и муниципальных районов Республики Дагестан по итогам оценки эффективности их деятельности за 2017 год.

В соответствии с Порядком выделения за счет бюджетных ассигнований из республиканского бюджета Республики Дагестан грантов городским округам и муниципальным районам в целях поощрения достижения наилучших значений показателей деятельности органов местного самоуправления городских округов и муниципальных районов Республики Дагестан, утвержденным Указом' Президента Республики Дагестан от 5 мая 2009 г. № 90 «Об утверждении Порядка выделения за счет бюджетных ассигнований из республиканского бюджета Республики Дагестан грантов городским округам и муниципальным районам в целях поощрения достижения наилучших значений показателей деятельности органов местного самоуправления городских округов и муниципальных районов Республики Дагестан», постановляю:

1. Присудить призовые места по итогам оценки эффективности деятельности органов местного самоуправления городских округов и муниципальных районов Республики Дагестан за 2017 год следующим муниципальным образованиям:

а) городские округа:
1-е место - «город Дербент»;
2-е место - «город Каспийск»;
3-е место - «город Избербаш»;
б) муниципальные районы:
высокогорная зона:
1-е место - «Шамильский район»;
2-е место - «Кулинский район»;
3-е место - «Ахвахский район»;
горная зона:
1-е место- «Гунибский район»;
2-е место - «Хунзахский район»;
3-е место - «Левашинский район»;
предгорная зона:
1-е место - «Новолакский район»;
2-е место - «Казбековский район»;
3-е место - «Табасаранский район»;
равнинная зона:
1-е место - «Дербентский район»;
2- место - «Карабудахкентский район»;
3-е место - «Кумторкалинский район».

2. Выделить из республиканского бюджета Республики Дагестан 25 млн рублей городским округам и муниципальным районам Республики Дагестан, указанным в пункте 1 настоящего Указа, и распределить их согласно приложению.

*Глава Республики Дагестан В. ВАСИЛЬЕВ.*

*ПРИЛОЖЕНИЕ*
*к Указу Главы Республики Дагестан от 15 ноября 2018 г. № 149*

### ПЕРЕЧЕНЬ
### городских округов и муниципальных районов - получателей грантов

| Наименование муниципального образования Республики Дагестан | Сумма, тыс. руб. |
|---|---|
| Городские округа: | |
| «город Дербент» | 2823 |
| «город Каспийск» | 1570 |
| «город Избербаш» | 607 |
| Муниципальные районы: высокогорная зона: | |
| «Шамильский район» | 1990 |
| «Кулинский район» | 1813 |
| «Ахвахский район» | 1197 |
| горная зона: | |
| «Гунибский район» | 2797 |
| «Хунзахский район» | 1160 |
| «Левашинский район» | 1043 |
| Предгорная зона: | |
| «Новолакский район» | 3790 |
| «Казбековский район» | 724 |
| «Табасаранский район» | 486 |
| равнинная зона: | |
| «Дербентский район» | 1994 |
| «Карабудахкентский район» | 1845 |
| «Кумторкалинский район» | 1161 |
| **Итого:** | **25 000** |

# Райадминистрациялда...



24 ноябралда райадминистрациялда т1обит1ана районалъул киналниги школазул 11-аб.классалда ц1алулел ц1алдохъабазул умумул г1ахьаллъараб данделъи.

Гьеб т1обит1иялъул мурадлъун бук1ана 2018 соналъ цогоял пачалихъиял экзаменал кьеялъул ва гьал къояз х1албихьиялъе кьурал экзаменазул ккарал х1асилазул бицен гьаби.

Гьенив к1алъазе вахъарав лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М.-Р.Мах1амаевас бицана араб соналъ цогоял пачалихъиял экзаменал кьеялъул х1асилазул, гьел кьеялъулъ дандч1варал г1олел -г1оларел рахъазул, ва ккарал церет1еязул.

Гьес абуна: **«Араб соналъул х1асилаз нилъер район бачана «т1огьилаб» зонаялде, гьеб ккола ц1алдохъабазул х1асилал квешал рук1инч1еблъи тасдикъ гьаби. Гьедин бугинги абун, нилъ ч1езе бегьуларо, нилъеда т1адаб буго лъималазе экзаменал кьезе бажараб кумек гьабизе ва экзаменазул х1асилал дагьалги лъик1аллъун лъугьиналда т1ад, к1вах1тун, лъималгун цадахъ х1алт1изе»**,-ян.

2019 соналъ ЕГЭ кьеялда т1асан к1алъай гьабуна х1асилал гьариялъул пачалихъияб аттестация школазда т1обит1иялъул жавабчилъи жинда т1адкъарай Г1убайдат Дадаевалъ.

Гьелъ абуна: **«ЕГЭ кьеялда ц1алдохъабаз бихьизабула 11 соналда жаниб жидее щвараб лъай. Экзаменал кьеялде лъимал х1адур гьаризе ккола. Гьел х1адур гьариялъе лъималгун бицараб хабар г1оларо, ине ккола школалде, дарсазде, дандч1вазе ккола муг1алималгун. Экзаменазул х1асил бараб бук1уна предмет бищиялдаги. Т1аса рищарал предметазул муг1алимзабигун г1емер дандч1вани, лъимадул г1олеб-г1олареб рахъал гьездасан баян гьабуни, рак1ч1ун, абизе к1ола нужер лъималазул экзаменазул х1асилал квешал рук1ине гьеч1о»**,-ян.

Гьал къояз т1адран, унел руго ЕГЭ кьеялда цере т1орит1улел х1албихьиялъулал экзаменал.

*Наида Мух1амадх1абибова, ИМЦялъул методист*

# Унеб буго подписка!




Унеб буго 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъ пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьарияял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-286 гъурущ.

*Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# ЖамгIияб палатаялъул Советалъул данделъиялда…

15 ноябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана жамгIияб палатаялъул Советалъул данделъи. Гьелъул хал гьабиялде росун рукIана- **«ГIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал ва гьеб лъикIлъизабиялъе гьаризесел тадбирал»** ва **«Районалда ругел тIабигIиял памятникал цIуниялда тIад гьабулеб бугеб хIалтIи»** абурал суалал.



ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъаял гьаруна-Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М.-хI. МухIамадхIабибовас, спорткомитеталъул специалист И. Дадаевас, ЦТКНРалъул хIалтIухъан Р. Гьанищевас, **«Казбек районалъул гIолилал»** гIуц1иялъе нухмалъулев А. Иманшапиевас.

Гьез бицана жиде-жидер гIуцIабаз гIолилалгун гьабулеб бугеб хIалтIул, гIолелгIоларел рахъазул ва цере чIарал масъалабазул.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна гIагараб рakь ва гьелъул тарих лъазабулев М.-а. Дадаевас.

Гьес абуна: «**Нилъер буго тIабигIаталъул рахъалъ берцинаб ва бечедаб район. Гьанир гIезегIанго руго гIадамазе рихьизе бокьулел бакIал. Гьезул хал гьабизе рачIунезул къадар соналдаса соналде цIикIкIунеб буго ва гьелъ рес кьезе буго гIадамазул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIеялъе. Гьедин букIине ккани, нилъеца тIаде рачIунезе чIезаризе ккола хIажатал шартIал ва нилъ хIалтIизе ккола гьединал бакIал цIуниялда тIад**»,-ан.

*И. ИДРИСОВ.*

# Лъимал разиго хут1ана

Октябрь моцIалъул ахиралда Дилим росдал №1 **«Маргъа»** лъималазул ахалъул чIахIиял лъималазул группаялъул тарбиячагIи: Сакинат Алясаевалъ, КIигьили СагIидовалъ ва Сакинат МухIамадрасуловалъ хIукму гьабуна гьитIичалги рачун гIухьбухъе сапаралъ рахъине. Гьеб сапаралда гIахьаллъана -музыкалияй руководитель Сакинат Билалова, психиолог Шахрузат Абуязидова, методист Мадина Темирбулатова,группаялъул кумекчагIи Айда Шарабудинова ва Расият Мадаева.

Гьеб сапаралъул мурадлъун букIана лъималазда гIухьбузул гIумру, гьезул рукIа-



рахъин лъазаби ва гIиял рихьи, гьединго, тIабигIаталъулъ ккарал хиса-басиязул хал гьаби. Гиял къай чIвараб бакIалде щвегун, рехъен кваназабулев ватана вехь Палиханов Сулайман.

Гьесда ретIун букIана буртина, кодоб ккун бук1ана иргъахъ. Сулайманица разиго къабул гьаруна лъимал. Бицана жиндирго гIумруялъул, ихдал магIарде, хаслихъе гьутаналде гIи гочинабулеб мехалъ бихьулеб захIматалъул. Лъималазул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьел гьенир аваданго расандана, кьурдана ва гьез кучIдул ахIана. Бихьулеб букIана вехьасул гIисинал гьалбаздаса бугеб разилъи. Сулайманица лъималазе гьабуна гьоболлъи. Гьес киналго ахIана кваназе. Пухьбузул хинкIазулги, гIиял гьаналги гьуинал махIаз сверухълъиго босун букIана. Лъимал разиго хутIана гьеб сапаралдаса. Вехьасги баркала кьуна жиндихъе рачIарал гьитIинал гьалбазе.

Хадусеб къоялъ лъималазул ахалда тIобитIана хаслихълъиялъул байрам. Гьенирги лъималаз ахIана ва рикIкIана кучIдул, рихьизаруна кьурдаби. Гьединал сапараз, тадбираз лъималазул рокьи бижинабула тIабигIаталде, гIадамазул батIи-батIиял махщелазде, гьезда лъала лъикIабги квешабги батIа бахъизе, щулалъула гьезулъ гьудуллъи, бокьула гIагараб рakь ва жидер ВатIан.

Нижее - ясли-ахалъул чIахIиял лъималазул группаялъул улбузе бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, тарбиячагIазда Эбелалъул Къо баркизе. Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел ва халатал соназул талихIаб гIумру.

*Меседо ХIайбаева.*

# Семинар т1обит1ана

Дагъал церег1ан къояз Хасавюрт районалъул Учтюбе росдал г1аммаб лъайкьеялъул школалда т1обит1ана г1агараб ракь т1абиг1ат лъазабулезул семинар. Гьеб хурхинабун бук1ана г1емерал соназ Учтюбеялъул школалда х1алт1арай, Дагъистаналъул культураялъул мустах1икъай х1алт1ухъан Марижат Г1абдулг1азизовалъул (мунагьал чураяй) творчествоялда.

Семинаралда г1ахьаллъана - Казбек, Гъизилюрт, Хасавюрт районалдаса муг1алимзаби, районалъул культураялъул Централъул х1алт1ухъаби, Марижатил цеегосей гьудул, шаг1ир, РФялъул хъвадарухъабазулгун журналистазул союзазул член, Хасавюрт шагьаралъул **«Насих1ат»** газеталъул редактор Париза Гереева, муг1алимзаби, ц1алдохъаби ва гьалбал. Семинаралда к1алъазе рахъараз рорхарал суалал рук1ана г1олеб г1елалда г1агараб ракь, гьелъул тарих лъазабиялда хурхарал. Гьений к1алъарай Сакинат Г1усмановалъ лъик1аб къимат кьуна школалъул директор Вагьаева Пат1имат Г1абдулаевналъ школа цебет1еялъе, ц1алдохъабазул лъай борхизабиялъе ва гьезие патриотикияб тарбия кьеялъе бахъулеб х1аракатчилъиялъе. Бихьулеб бук1ана, жибго гьит1инаб бук1аниги школалда гьабун бугеб к1удияб х1алт1и, ч1езабураб рац1ц1алъи, ц1алдохъабазул цоккураб форма, г1адлу-низам бук1ин. Ц1алдохъаби г1ахьаллъулел руго районалдагун республикаялда т1орит1улел конкурсазда, данделъабазда, гьез гьенир росулел руго бергьенлъаби. Гьединаб буго Пат1имат Г1абдулаевналъул х1алт1ул х1асил.



Г1емерал соназ, рак1бац1ц1адго гьабураб х1алт1ухъ гьей к1одо гьаюна краеведениялъул Х1урматалъул грамотаялдалъун. Школалда гуребги, рукъобги лъималазда рахьдал мац1алъ к1алъазе, гьелде рокьи бижинабизе ккеялъул бицана авар мац1алъул муг1алим Нуцалай Мирзабековалъ.

Ц1алдохъабаз гьенир рик1к1ана Марижатил куч1дул. П.Гереевалъ ц1алана Марижатиде гьабураб кеч1. Гьединго, цере рахъана, Марижатица г1уц1араб **«Арбабаш»** ансамблялъул г1ахьалчаг1и.

Церерахъиназ, Марижатил творчествоялда хурхарал видеороликаз, семинаралъул г1ахьалчаг1азе гьабуна к1удияб асар. Марижатил классцояв, краевед ва тарихчи Мух1амад-апанди Дадаевас, Рапият Мух1амадовалъ ва цогидази гьениб бицана гьелъул г1умруялъул, х1алт1ул ва г1аданлъиялъул. Школалъул коллективалъ к1удияб х1урматалда къабул гьаруна ва рак1-рак1алъулаб баркала кьуна гьалбазе, цадахъч1ун, рахъана суратал.

Данделъи махщалида бачана муг1алим Г1ашура Мух1уденовалъ.

*Х1.КАРИМОВА.*

# Езимат-адагун дандч1вай

Гьурмадаса гьими камуларей гIадан йиго Езимат-ада. Гьелъул хIакъалъулъ хъвазе рес щвей дица рикIкIуна кIудияб талихIлъун.

Дагъал церегIан къояз,эбелалъул Къо кIодо гьабиялъул хIурматалда, Езимат –адада байрам баркизе ун рукIана росдал администрациялъул хIалтIухъан Мадина Баймирзаева ва ниж - культураялъул хIалтIухъаби. Гьелъ, кIудияб хIурматалда нижги къабул гьарун, бицана:



**«Дун гьаюна 1931 соналъ. АнцIила анлъго сон барай дун кьуна росасе. Цоцазда гIамал-хасият рекъарал рос-лъади рукIана ниж. Нижеца г1езабуна микьго лъимер. БитIун лъималазе хIажатаб мехалъ хвана дир рос. Эмен камураблъи лъазе течIого, хьихьана дица лъимал. Черхалда барахщичIого, хIалтIана колхозалда, кIвечIониги ва киг1анго бакIлъаниги, цебе бачана магIишат. ЩвечIо рахIат, лъачIо хIалхьи щибали.**

**Гьабуна уборщицалъи,х1амида гъалдибералги лъун хьвадана рохьоеги. Ракъун, къечон, рат1ликъ теч1ого г1езаруна лъимал»**.

Х1акъикъаталдаги Езимат –адал лъимал гIун рачIана, гIаданлъи бугеллъун, эбелалъулги росдал гIадамазулги адаб-хIурмат гьабулеллъун. Гьезул буго жиде-жидер маг1ишат.

Дагьав цевегIан Езимат-адал вас г1умруялдаса ват1алъана . КIудияб сабруялда йигоан гьей. Жиндирго рекIел бухIи гьелъ лъазе толеб букIинчIо. Росуцоязда Езимат –ада лъала гIакълу камилай, хIажатазе малъа-хъваял гьаризе х1алае яхъуней гIадан х1исабалда. Абизе бегьула нижер культураялъул хIалтIухъабаз гьарулел данделъабазул гIахьалчIужуги г1олилазе насихIатчIужуги гьей йигилан.

Нижеца гьелъие гьарула чорхое сахлъи, рухIел хIехьезе сабру, ургъел кIочараб гIумру.

*Табика ЗИРАЛОВА, Гертма росу.*

# Гьединалин дие хIажат ругел



Дида рагIун букIана баркала кьезе лъаларезе кумек гьабугеян. Баркала щвечIони, киригIаги букIинин абулелги камуларо. Жиндирго гIаданлъиялъ хIалщварасе гьабураб кумек талихIлъун ккарав чиясул хIакъалъулъ хъвараб гьаб лъугьа-бахъин батана дида Интернеталда.

Цо машинаби къачIалев чияс (механик) гIемераб мехалъ балагьулеб букIуна жиндирго махщалида рекъараб хIалтIи. Ахирги гьесда батула механик х1ажат вугилан лъазаби. Пемер вохиялъ, гьев уна ц1ех-рех гьабизе ва гьесие ихтияр щола анкьидасан хIалтIуде росиялъе гьабулеб гара- чIвариялъулъ гIахьаллъизе.

Механик, сабру т1аг1ун, балагьун вукIуна гьеб къо тIаде щвеялъухъ. Радал вахъун, гьев гьениве ине къачIала. ХIалтIул къо байбихьизе жеги заман букIаниги, кватIилин хIинкъун, гьев цудунго къват1иве вахъуна.

Маршрутка бачIинегIан чIарав гьесда дагьав довегIан вихьула машина бакизе кIоларого вугев ригь арав чи. Механик гьесда асклове уна ва машина бакунгутIиялъул гIилла балагьизе лъугьуна. СагIаталдасан машина бакизе кIола, амма гьев живго ц1акъ чороклъула. Кьезе кколеб мухьалъул херас бицен гьабидал, гьес абула жинца хIалтIи чIобого гьабунилан.

Гьединги кватIиялда хIинкъарав механикас жиндирго ккараб ургъел (ретIел чороклъиялъул)херавгун бикьула.

**«РетIел чорок букIиналда хIинкъуге, заманалда ахIаралъуве щвезе ккола»**,-ян абула гьесда херас. БакIалде щведал механикасда гьенир ратула гIезегIанго гIадамал.

Жанире арал, хеккого ва пашманго, нахъе рачIунел рихьарал гьев, ургъаликье ккола. Гьаб ретIелгун дун жанивецин виччазе ватуларин ракIалде ккарав гьесул цIар ахIула. КигIан нечон вукIаниги, гьев жаниве лъугьуна. Столалда нахъа гьесда вихьула жинцаго машина къачIарав чи. Гьев абизе рагIи тIагIун хутIула.

Гьев механиклъунги восун, херас абула: **«Дие битIун ккана жакъа мунгун дандчIвай. Дида бихьана мун божилъи гьабизе бегьулев ва махщел бугев чи вукIин. Гьединалин дие хIажат ругел»**,-ан.

*ХI. КАРИМОВА.*

# Рекъон гьеч1о

Гьаб соналъул октябрь моц1алъул Дилим росулъ тIоритIана росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къоялда хурхараб ярмарка. Г1емерго бечедаб гьечIониги, нилъерго магIишатазда рекъараб букIана гьениб цебе бахъараб продукцияги. Бичулеб букIана - гIанкIудал, гIиял, хIайваналъул, гIанкIил гьан,хIан ва цогидаб продукция. ХIалт1ул церехъабазе гьенир кьуна шапакъатал. Ярмаркаялде рачIаралги рази рукIана хIажатаб босизе щвеялдаса.

Амма дида ккана гьеб тадбир заг1инго гIуцIун бук1анилан. Гьедин абиялъе гIиллаги буго, цере тIоритIулел рукIарал гьединал тадбиразулъ букIараб «чIагольи» гьанже тIобитIаралъухъ бихьулеб гьечIолъи. Цересел соназ гIатIидго тIоритIулаан гьединал тадбирал.

Росдал магIишаталъул Управлениялъул хIалтIухъабаз гьениб бицунаан магIишатиял бутIабазда ругел церетIеязул, гIолел-гIоларел рахъазул ва цере чIарал масъалабазул.

КIодо гьарулаан х1алт1улъ т1ок1лъи бихьизабурал- гIухьби, дояркаби ва механизаторал.

Гьел тадбирazде рачIунаан росабазул культуриялъул рукъзабазул коллективал ва тIубара къоялъ гьез ахIулаан кучIдул, гьарулаан кьурдаби, къокъгьабун абуни,гьеб къо унаан кIудияб ихтилат-кепалда.

Гьанже гьел культураялъул х1алт1ухъабазул г1ахьаллъи заг1инго бугин абизе бегьула.

Яги гьединал данелъабазда гIахьаллъизе гьезул ихтиярищ гьечIебалиги лъаларо, яги росдал маг1ишаталъул х1алт1ухъаби т1адег1анаб кьимат гьабизе кколарелльунищ лъугьун ругел?

Гьеб хIалтIи доб СССРалъул заманалда цIакъ кIвар бугеблъун рикIкIунаан.

Культураялъул хIалтIухъаби гIемер щолаан гьутабазда, мег1ер - г1алахазда х1алт1улел зах1матчаг1азухъе.

Къокъгьабун абуни, гьезул лъикIаб бухьен букIана захIматчагIазулгун.

Дир пикруялда, росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къоялда хурхараб тадбиралъулъа культураялъул х1алт1ухъаби ками рекъон гьеч1о.

*МухIамад Къудуев, Ленинаул росу.*

# Шапакъат кьуна



Пемерал соназ районалъул лъималазул искусствоялъул школалда халкьиял гIадатал ва культура цебетIезабиялъе гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIиялъухъ, гьелъул директор ГIалханова Бика ТIагьировна кIодо гьаюна Дагъистан Республикаялъул культураялъул Министерствоялъул ХIурматалъул грамотаялдалъун.

Баркула Бикада гьеб шапакъат.

*ДШИялъул хIалтIухъаби*

# Гьит1инав художник





Гьит1инаб заманалдаго загьирлъана Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул 7аб.классалъул ц1алдохъан Г1абдула Къурбановасул кверaлъ суратал рахъизе бугеб махщел. Ц1ализе школалде аралдаса Г1абдулаца суратал рахъула стенгазетазе, гьев г1ахьаллъула школалда т1орит1улел конкурсазда ва гьесие гьенир щола призалъулал бак1ал. Дагьал церег1ан кьояз Г1абдула вук1ана редакциялда гьоболлъухъ. Гьес редакциялъе сайгъаталъе бач1ана жиндицаго рахъарал суратазул цояб ва гьеб нижеца газеталда бахъулеб буго. Рак1алде ккола Г1абдулал махщалие газета ц1алулезги мустах1икъаб кьимат кьелин.

*А.Дибирова.*

## Дин ва г1умру

# Рец1изе г1емерал какал ругев чиясе...



Пемерал рецIизе какал тIад ругев чи вугони, гьесда сордо- къоялъул чара гьечIеб жоялъе къваригIунеб заман хутIун кинабго хIалхьиялда вугеб заман гьел какал рецIиялде буссинабизе тIалъула, жеги суннатаб какалъецин минутал хвезаризе ихтияр гьечIо гьесул.

Пемерал рецIулел какал тIад ругев чиясе суннатаб как базе хIарамаб бугин рагIарав чиясда битIун бичIчIизе ккола, чанги чи дандчIвала фаризаяб какги бан цо-кIиго хутIарабги бецIун яги цониги бецIичIого, жинда тIад рецIулел какал ругелъул жиндие суннатаб как базе хIарамаб бугиланги абун цо рахъалдехунги лъугьун телевизоралда цеве гIодов чIола яги цоявгун харбиде жувала.

Гьев Аллагь гурхIаяс пикру гьабуларо, рецIизе гIемерал какал тIад ругев чиясе суннатаб какалъе кIиго-лъабго минут хвезабизе хIарам гьабун батани телевизоралда цеве гIодовги чIун яги цоявгун хIажатго гьечIеб хабаралда сагIтал хвезарулесул хIал щибдай букIина абун.

РецIизе кколел гIемерал какал тIад ругев чиясул шаргIияб хIукму гьаб цебехун рехсараб буго, амма нилъер заманаялъул жинда мугъ чIвазе бегьулев Димашкъалдаса машгьурав гIалим МухIаммадсагIид Рамазанул БутIияс (рахIимагьуЛлагь) фатва кьолеб буго, кин бугониги гьаб ахир заманаялъулъ бижараб иманалъулъ загIифаб халкъалдасан гIадамаз шаргIалъ бихьизабу- раб хIисабалда гьелда тIад чIезе кIвечIого щибаб фаризаяб какалда цебе-хадуб цо-цо, кIи-кIи яги цIикIкIун какал рецIизе гIадат ккурал чагIи ругони гьез ратибатазул суннатал ранани лъикI букIинилан.

Кинаб бугониги бецIулеб какалъе бихьизабураб заман гьечIо, боголил как къалъуда къалъул боголида бокьараб как бокьараб заманаялъ бецIизе бегьула, амма цебе борчIараб цебе хадуб борчIараб хадуб бецIун тартиб цIунизе суннатаб буго. Гьебги киналго какал гIузругун рорчIарал яги гIузру гьечIого тарал цоцада релълъарал ругони бугеб хIукму буго, амма цоял гIузругун цогиял гIузру гьечIого хутIарал какал ругони гьеб мехалъ гIузру гьечIого тарал какал гIузругун хутIарал каказдасан цере ккезарун рецIизе тIадаб буго.

*Гьодобериса АхIмад ГIисаевасул «Иршадуль ГIавам» 1 бутIа. 27 гьум.*

(Хадусеб бук1ине буго.)

## 19 ноябралда районалъул маг1ишатаз росдал маг1ишаталъул Управлениялде кьурал - пиринч1 бак1ариялъул, ракь бекьиялъул ва хаслихъе культураби хьаялъул баянал рехсараб таблица

| № п\п | Наименование хозяйств | Рис | | | | | План сева озим. (га) | Пахота (га) | | | | Посев (га) | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Площ. уборки (га) | убрано (га) | вал. сбор (тонн) | урож-ть ц\га | ост. убрать (га) | | 7.11. 2018г | 12.11. 2018г | | | 7.11. 2018г. | 12.11. 2018г. | | |
| 1. | СПК « Дружба» | 72 | 72 | 281 | 39,1 | | 550 | 580 | 580 | | | 565 | 565 | | |
| 2. | СПК «Победа» | 57 | 57 | 222 | 39 | | | | | | | | | | |
| 3. | СПК «Новая жизнь» | 200 | 200 | 700 | 35 | | 100 | | | | | | | | |
| 4. | СПК «Гертма» | 210 | 210 | 840 | 42,3 | | 260 | 320 | 320 | | | 280 | 280 | | |
| 5. | СПК «Чапаева» | | | | | | 55 | 55 | 55 | | | 55 | 55 | | |
| 6. | «Красный Октябрь» | | | | | | 430 | 420 | 450 | | | 350 | 430 | | |
| 7. | ГУП « Дылымское» | 70 | 70 | 272 | 38,8 | | 474 | 500 | 520 | | | 450 | 500 | | |
| 8. | МУП « Хубар» | | | | | | 40 | 40 | 40 | | | 40 | 40 | | |
| 9. | СПОК «Гуни» | | | | | | | | | | | | | | |
| 10 | СПК «Весна» | | | | | | | 50 | 50 | | | | | | |
| | ВСЕГО: | 609 | 609 | 2315 | 38 | | 1909 | 1965 | 2015 | | | 1710 | 1870 | | |
| | ЛПХ | 100 | 100 | 450 | 45 | | 30 | 80 | 80 | | | 80 | 80 | | |
| | КФХ | | | | | | 100 | 100 | 100 | | | 100 | 100 | | |
| | ВСЕГО ПО РАЙОНУ: | 709 | 709 | 2765 | 39 | | 2039 | 2145 | 2195 | | | 1865 | 2050 | | |

*А.К. Г1абдулмуслимов, бет1ерав агроном.*

# Ниж - Россиялъул лъимал



Гьединаб ц1аралда гъоркь, дагьал церег1ан къояз Гуни росдал культураялъул Рукъоб т1обит1ана Россиялъул халкъ цолъиялъул къоялда хурхараб данделъи. **«Гуниялъул г1олилал»** г1уц1иялъе нухмалъулев Камал Г1абдулаевасул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана - росдал г1уц1абазул вакилзаби, умумул, ц1алдохъаби, лъималазул ахалъул гьит1ичал ва цогидалги.

К1алъазе рахъарал-Арипа Базаевалъ, Умисат Султанбековалъ, Бесират Адуевалъ, Загьра Умалх1атовалъ ва цогидазги гьениб бицана Россиялъул халкъ цолъиялъул байрамалъул, гьелъул тарихалъул,улка цебет1еялъе ва г1адамазул г1умру лъик1лъиялъе цолъиялъул бугеб к1варалъул. Гьезул к1алъаязулъ **«баг1араб мухълъун»** бук1ана **«Цолъиялъулъ - нилъер къуват»** абураб пикру.

Гьединго, ц1алдохъабазда гьоркьоб гьениб т1обит1ана куч1дул рик1к1иналъул конкурс. Бергьенлъи босана- Вах1идат Джамалдиновалъ, Умалбарагьин Гьаирбековалъ ва Лаврисат Зулумхановалъ. Балагьаразул рак1азе асар гьабурал куч1дул рик1к1арал - Райх1анат Ах1мадрашидова, Айша Базаева, Хадижат Г1исаева гьенир к1одо гьаруна г1арцул шапакъатаздалъун. Бергьенлъи босаразе кьуна- медалал, грамотаби ва г1арцулал шапакъатал. Культураялъул Рукъалъул рахъалдасан Х1урматалъул грамотаялдалъун гьенив к1одо гьавуна рехсараб данделъи г1уц1иялъе квербакъарав Камал Г1абдулаевги.

Гьеб тадбир ахиралде щвана **«Нижее рагъ х1ажат гьеч1о»**, **«Цолъиялъулъ-нилъер къуват»** ва гь.ц. абиял т1ад хъварал шарал риччаялдалъун ва цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

*Бесират Адуева, Гуни росу.*

## Оформляйте субсидии на оплату жилого помещения и коммунальных услуг в электронном виде

С 6 ноября 2018 года на Едином портале государственных услуг (ЕПГУ) стала доступной еще одна государственная услуга, предоставляемая на территории Республики Дагестан — это «Предоставление субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг». Услугу можно получить в электронной форме с любого компьютера, имеющего Интернет- подключение.

Современные технологии помогут избежать очередей, ведь именно из-за них многие люди отказываются оформлять льготы. Теперь можно подать заявление на субсидию по оплате ЖКХ в электронной форме на портале Госуслуг.

К тому же, портал Госуслуг предоставляет возможность в своем личном кабинете узнать информацию о результате рассмотрения вашего обращения, т.е. о назначении субсидии или об отказе.

*ПРЕССЛУЖБА.*

# Поздравляем!



Казбековский спортсмен, житель селения Гуни -Джамбулат Меджидов завоевал золотую медаль чемпионата мира среди взрослых по смешанным единоборствам. Соревнования проходили с 11 по 17 ноября в Бахрейне.

Джамбулат представлял, в составе сборной России, бойцовский клуб «Горец». В прошлом году Меджидов стал чемпионом мира среди молодежи, а в течение 2018 года успешно выступил на чемпионате и Кубке России, заняв соответственно III и II места.

Поздравляем нашего спортсмена со значимой победой и желаем дальнейших успехов!

*Молодежь района.*

## Информационное сообщение

### *Уважаемые жители района!*

В ближайшее время в нашем районе будет осуществлен переход от аналогового телевидения к цифровому. Те, которые пользуются услугами телевышек, вынуждены будут купить специальные телевизионные приставки, либо – купить телевизоры нового поколения, принимающие сигналы в цифровом формате. Только приняв эти условия, вы сможете пользоваться двадцатью бесплатными каналами федерального значения.

## Уважаемые казбековцы!

В связи с семнадцатилетием со дня создания Всероссийской политической партии **«Единая Россия»**, 28 ноября сего года, депутат НС РД ,член комитета по строительству жилищно-коммунального хозяйства, транспорта и связи М-п.(К-п.)Д. Умаханов проведет прием граждан по личным вопросам.

Прием состоится в здании Центра традиционной культуры народов России с.Дылым. (2-ой этаж, приемная партии **«Единая Россия»**.

***Руководитель исполкома местного отделения партии «Единая Россия», помощник депутата С.Г.Алтумирзаев.***

# ОБЪЯВЛЕНИЯ

### О публичных слушаниях Плана (прогноза) социально-экономического развития на 2019-2021 года

В соответствии с Федеральным законом от 28 июня 2014 г. №172-ФЗ **"О стратегическом планировании в Российской Федерации"**, Уставом МР **«Казбековский район»** и Положением **«О разработке, корректировке, осуществлении мониторинга и контроле реализации прогноза социально-экономического развития МР «Казбековский район» на среднесрочный период»,** Распоряжением главы МР **"Казбековский район"** №1 от 19. 11. 2018 года, 11 декабря 2018 года в 11:00 в зале заседания администрации района пройдут публичные слушания Плана (прогноза) социально-экономического развития на 2019-2021 годы. Текст Плана размещен на официальном сайте администрации МР "Казбековский район" - **http://kazbekovskiy.ru/.**

Желающие могут принять участие.

По всем вопросам обращаться в отдел экономики, планирования и по оргвопросам администрации МР **«Казбековский район».** Адрес: с. Дылым, ул. Шамиля 43. Телефон: 55-48-87, в рабочие дни с 8:00 до 16:00. Контактное лицо – Магомедхабибова Мадина Амиралиевна.

Утерянный аттестат №318702 о среднем образовании, выданный Буртунайской средней школой в 1986 году на имя **Азизовой Манарши Расуловны**, считать недействительным.

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Месседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "ТипографияN№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №160 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*